

ba yo plis konesans renmen yo plis

Telefòn 211 pou ou pran plis enfòmasyon
www.bayopliskonesansrenmenyo.org pou ou.

Misyon nou:

Se pou nou vin gen bon jan renome nan afè planifye, defann kòz timoun epi finanse bon jan sèvis pou amelyore vi timoun ak fanmi yo.

DIAL 211 HELPLINE

The Children's Trust

Se yon referandòm yo te vote pou tabli "Fon pou ede timoun" ki gen non Angle "The Children's Trust". Se yon lajan ki la pou ede amelyore lavi timoun ak fanmi yo nan Miami-Dade Konnti.



MEN SA KI NAN TI JOURNAL SA A

- Evite aksidan nan kizin ou pandan sezon fèt la 2
- Fason pou w pwoteje pitit ou... Sa w dwe fè ak sa w pa dwe fè pou pwoteje timoun 2
- Ki kantite aktivite fizik ki kont pou pitit ou? 3
- Ankouraje tibebe, timoun ennan a twazan ak timoun preskolè pou yo ka vin fò nan travay atis 4

Yon tretman pou kolik?

Doktè Kelly Liker, M.D., rezidan pedyat Lopital Jaksonn/Holtz Children's Hospital.

Li 8 è di swa epi ti pitit ou genyen ki fenk fèt la tonbe kriye. Ou bay li manje, ou chanje kouchèt li, epi w eseye konsole l ... men li kontinye ap kriye! Ki sa w fè?

Anpil fwa lè paran mennen tibebe ki fèk fèt kay pedyat, se swa poutèt yo kriye anpil swa poutèt yo bat kò yo twòp. Ka gen plizyè rezon ki fè tibebe ajì kon sa. Men kolik se youn nan pami rezon nou jwenn plis yo. Afè kolik se bagay ki bouye tèt paran anpil paske moun si tèlman bay plizyè rezon pou sa, ak anpil rezon ki lakòz kolik, ak anpil remèd pou trete kolik.

Yo kalkile gen 30% tibebe ant 2 semèn ak 4 mwa ki gen kolik. Sa ki fè yo di yon tibebe gen kolik, se jan tibebe a ap kriye a ki pa menm ak kriye nòmal li, wotè vwa li pa menm ak jan li abitye kriye, jan tibebe a koube kò li kòm si li vle fè jenou l touche lestomak li, epi jan tibebe a ap plede fè van. Sa plis gen tandans fèt leswa pase pandan lajounen. Epi sa rive ni tifi ni tigason menm jan.

Gen plizyè rezon ki lakòz tibebe gen kolik. Kèk tibebe kab vale twòp lè pandan y ap manje oswa pandan y ap kriye. Kèk tibebe kab gen kolik paske yo pa ba yo ase manje, kèk tibebe kab fè alèji ak pwoteyin ki nan lèt epi sa ba yo kolik, kèk kab gen kolik paske yo kòmanse ba yo manje solid twò bonè, yo kab pa fè kèk rann gaz ase, oswa lèt kab remonte nan gòj kèk epi sa ba yo kolik. Yon tibebe ka gen kolik paske l ap respire lafimen sigarèt, oubyen si manman l te sou tansyon anpil pandan li te ansent lan, oubyen si timoun nan gen yon pwodui anndan kò li ki ogmante epi sa fè li vin pi fasil pou li gen kolik.

Kèlkeswa remèd ou eseye a, kolik la ap pase pou kont li lè tibebe a vin gen 4 mwa kon sa. Men, gen teknik pou soulaje kolik la lè yon tibebe genyen l. Paregzanp, si w mete tibebe a kouchè an kwa sou



jenou w epi ou fwote do l tou dousman, sa ka ede gaz li genyen an soti. Si w fè tibebe a rann gaz pandan l ap manje epi tou ou fè sa apre li fin manje, sa ka ede tou. Nan kèk ka, tibebe ka vin alèji ak yon pwodui ki nan lèt manman an oswa nan lèt espesyal pou tibebe, oubyen tou kò yo ka vin pa kab tolere yon pwodui ki nan lèt sa yo. Yon pedyat kab avèti w konsènan ka sa yo. Bagay yo fè pou pote tibebe ki fèt ak materyèl ki mou epi ki tache tibebe a sou kò w kapab pi bon pase lòt bagay yo abitye fè pou pote tibebe, pou tibebe a ka pi alèz. Yon orè enpòtan tou. Eseye pa kite tibebe w la vin twò fatige oswa twò grangou anvan lè a rive pou l al kouchè oubyen anvan lè a rive pou w ba l manje. Plis yon timoun ap kriye, se plis lè l ap vale. Sa ka fè pwoblèm nan vin pi mal.

Lòt teknik ou kapab eseye se fè tibebe w la tandè bri tankou bri aparèy pou lave vesèl, oswa bri yon vakyòm pou w ka fè l al dòmi. Alafen, chèchè èd. Se pou w sèten ou gen zanmi ak fanmi ki kapab ede w lè a ap okipe yon tibebe ki boulvèse epi sa twòp pou wou. Si tibebe a ap plede kriye oubyen si gen lòt bagay ki mache ak kriye a, yon pedyat kapab elimine kèk pwoblèm sante grav ki konn lakòz tibebe kriye anpil. Men, kou doktè fin elimine posiblite sa yo, lè w sèvi ak teknik sa yo sa ka fè w gen yon kote ki pi trankil epi ki fè kè w kontan pou w amize w ak pitit ou.

MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvi aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 211. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti jounal sa a an kreyòl, rele 211.



Evite aksidan nan kizin ou pandan sezon fèt la

Suzie Kolb, MP; Steve Dearwater, M.S.; Gayane Stepanian, M.A., Susan Uhlhorn, Ph.D, ak Judy Schaechter, M.D.



Sezon fèt desanm nan ap rive sou nou. Moun ki renmen fè bonbon ak manje pou fanmi nou, se yon bon lè pou nou tcheke pou wè si kizin nou san danje. Timoun piti renmen ede paran yo nan kizin. Yo renmen antre louch nan farin, pase farin, melanje engredyan ansanm epi niche kiyè, tout fè pati plezi a. Lè w fè manje ansanm ak pitit ou, se bon mwayen pou w montre yo ki sa ki nan manje yo manje a. Sa ede yo tou, yo aprann matematik

nan mezire epi sa ka menm ede timoun ki difisil nan afè manje pou yo mete yo pi alèz epi pou yo eseye nouvo bagay. Men, anvan timoun yo mete men nan pat tibonbon an, paran dwe sonje, san prekosyon, kizin nan kapab tounen yon kote ki chaje ak danje.

Nan kay, se nan kizin plis move bagay rive timoun. Pami danje ki genyen yo, nou jwenn: boule nan fou a oswa nan likid cho, koupe ak kouto oswa ak moso boutèy, epi pran pwazon nan savon likid pou lave veso oswa nan lòt pwodui netwayaj. Men kèk ti konsèy pou ede pwoteje pitit ou ki tou piti nan kizin nan:

- Montre pitit ou bon abitud pwòpte. Lave men w ak dlo savon tyèd pandan 20 segonn anvan w mete men w nan manje. Lave men w tou apre ou fin mete men w nan manje, apre w sot nan twalèt oubyen apre ou fin manyen bèt ou gade lakay ou.
- Fè yo konnen sa yo pa gen dwa fè tankou pa kouri nan kizin nan, pa vin ak jwèt nan kizin nan.
- Retire tout bagay ki kapab fè moun bite. Fè lide mete yon limit 3 pye devan fou a pou timoun pa pwoche; make l ak tep oubyen mete yon tapi pou anpeche moun glise nan espas la.
- Pa kite timoun kanpe sou chèz oubyen chita sou kontwa a. Sèvi ak yon ti ban pito.
- Sere tout atik ki ka lakòz danje kote timoun pa ka pran yo. N ap pale de vesèl kristal ak kouto. Ou ta dwe sere pwodui netwayaj yo nan kabinèt ki pi wo pase zepòl ou epi ki fèmen ak kle.
- Bay pitit ou travay ki bon pou laj yo sèlman. Timoun piti pa dwe sèvi ni ak mikse elektrik ni ak blennèd.
- Deploge mikse ak lòt aparèy kou n fin sèvi ak yo. Epi veye fil elektrik ki pandye, timoun piti kapab rale yo desann.
- Lè w ap sèvi ak yon kouto oubyen ak yon mikse elektrik, voye je sou pitit ou depre.
- Sèvi ak bòl ak tas pou mezire ki pa kab kraze, lè gen timoun k ap ede.
- Lè w ap kuit manje sou fou a, vire manch chodye yo pa anndan. Sèvi ak fwaye ki pa dèyè yo depi w kapab. Moute kadna ak kouvèti fou nan fou a.
- Lè w ap ouvè yon fou ki cho, di timoun yo fè bak. Toujou tcheke wout w ap fè anvan w deplase ak yon bagay cho pou w ka sèten pa gen timoun sou wout ou.
- Pa kite sèvyèt vesèl ak tòchon sou fou a pou w kab evite dife.
- Pa janm mete manje cho tou pre rebò kontwa a ak rebò tab la.
- Mete aparèy pou chofe dlo lakay ou a sou 120° oubyen pi piti pou evite moun boule nan dlo cho.
- Mete kouto sou pwent nan aparèy lav vesèl la.

Si w suiv ti konsèy senp sa yo, pitit ou ap pase sezon fèt la san aksidan. Si w bezwen plis ranseman sou sekirite anndan kay, oubyen si w vle kamyon "Injury-Free Mobile" la pase fè enspeksyon lakay ou, kontakte nou nan 305-243-8838.


Fason pou w pwoteje pitit ou... Sa w dwe fè ak sa w pa dwe fè pou pwoteje timoun

Maureen C. Kenny, Ph.D., direktis pwogram, Vanessa C. Williams, M.S., Keeping Kids Safe, FIU.

Anpil fwa, paran pè pou malè pa rive pitit yo, yo pè pou yo pa frape. Kwak yo fè tout efò pou pwoteje pitit yo ki tou piti, kèlkeswa kote yo ye malè ka rive yo. Yon danje ki genyen pou timoun sitou, se danje moun kapab fè yo abi seksyèl. Rechèch ki fèt montre nou o Zetazini sou 4 tifi gen youn ki sibi abi seksyèl anvan l rive gen 18 an, sou 6 tigason gen youn ki sibi abi seksyèl anvan l rive gen 18 an. Moun ki komèt zak sa yo, anpil fwa se moun timoun nan ak fanmi l konnen. Ki fè, pandan anpil paran montre pitit yo "danje ki genyen nan moun yo pa konnen", yo ka bliye yon bagay enpòtan, timoun toujou bezwen pwoteksyon.

Paran dwe montre pitit yo, pafwa ata moun yo konnen kapab fè yo mal. Bon jan kominikasyon klè ant paran ak pitit se yon pati enpòtan nan pwoteje timoun. Si timoun santi yo alèz pou yo pale ak paran yo, epi si paran yo ankouraje yo, pa ka gen plas pou bagay k ap fèt an sekre ki bay moun okazyon fè abi seksyèl sou timoun. Kwak se pa timoun yo ki dwe responsab pwoteje tèt yo pou kont yo, yo kapab aprann anpil ladrès pou yo kapab gen plis chans pou malè pa rive yo.

Nou menm nan òganizasyon "Keeping Kids Safe", nou bay paran ak timoun piti okazyon pou yo patisipe nan yon aktivite pou yo aprann regleman sou afè pwoteksyon. Timoun kapab genyen ladrès ak konpòtman pou ede yo fè fas ak sityasyon ki gen danje. Nou montre yo ki jan pou yo fè diferans ant lè moun manyen yo mal ak lè yo manyen yo san okenn move entansyon. Nou montre yo ki jan pou yo rekonèt lè moun manyen yo mal epi pou yo rapòte sa bay yon granmoun yo fè konfyans.



Paran jwe yon wòl enpòtan nan evite malè lè yo diskite enfòmasyon sa yo ak pitit yo souvan epi lè yo kontinye ap teste konesans pitit yo. Paran ta dwe mennen bon jan ankèt tout gadò timoun oubyen tout granmoun ki pase tan ak pitit yo. Patisipasyon paran enpòtan anpil pou ede evite malè.

Men kèk konsèy pou paran:

- MOUTRE pitit ou pou yo toujou mande pèmision anvan yo soti al yon kote ak yon moun oubyen anvan yo asepte yon kado nan men yon moun, menm si se yon moun nou tou le de konnen.
- KITE pitit ou di "non" nenpòt lè yo pa vle bo yon moun, nenpòt lè yo pa vle anbrase yon moun; sa vle di ni ou menm ni nenpòt lòt moun nan fanmi an.
- MOUTRE pitit ou vrè non pati nan kò yo, tankou ti pati yo, kon sa y ap plis konn ki jan pou yo rapòte zak abi yon moun ta fè sou yo.
- JWE ti jwèt yo rele "E si" ak pitit ou pou ede yo aprann ki jan pou yo rete an sekirite. ("E si yon moun mande nou antre nan machin ni? Ki sa nou ta fè? Oubyen "E si yon moun nou pa konnen ofri nou krèm?")
- PA meprize pwoblèm pitit ou genyen oubyen PA di se pa anyen. Bay pitit ou okazyon pou l fè ti konvèsasyon avèk ou epi mete pitit ou alèz kote le rete a.
- PA kite yon moun ou pa konnen byen pase anpil tan pou kont li ansanm ak pitit ou.

Òganizasyon **Keeping Kids Safe** ofri paran ak timoun preskolè yon atelye fòmasyon an 10 sesyon ki prezante sijè sou pwoteksyon an jeneral ak pwoteksyon kò a. Pwogram fòmasyon an sèvi ak liv, chan, videyo, ak lòt materyèl pou timoun pou fè timoun aprann. Si nou bezwen plis ranseman sou pwogram fòmasyon gratis sa a, tanpri rele 305-728-9256.

Wòl paran yo anvè timoun kin an laj pou ale lek

Ki kantite aktivite fizik ki kont pou pitit ou?

Michael R. Malone, nan Children's Trust



Poutèt kantite timoun ki twò gwo vin ogmante an Florid, sa fè Lachanm Florid vote yon lwa ane sa a ki mande pou timoun lekòl primè fè egzèsis pandan 150 minit pa semèn ak 30 minit egzèsis nenpòt jou lekòl. Gen lòt dispozisyon nan lwa a ki bay prensip pou jenn timoun 6yèm ane a 8yèm ane.

An 2004, Sant pou kontwole maladi (CDC) egzaminen plizyè santèn rechèch ki fèt sou avantaj ki genyen nan fè egzèsis regilyè, epi li fè desizyon tout timoun ta dwe pase 60 minit ap fè aktivite fizik chak jou. Aktivite fizik yo

kapab nenpòt aktivite lejè oswa aktivite ki mande anpil efò ak kò a.

Trant minit? Swasant minit? Ki kantite egzèsis ki kont pou pitit ou a? Epi ki meyè fòm aktivite fizik ki genyen?

Gen anpil koze ki fèt sou avantaj ki genyen lè fizik timoun vin pi anfòm. Kèk save di kon sa, egzèsis fè timoun gen mwens enkyetid (kè kase), mwens depresyon epi li fè yo apresye tèt yo plis. Gen anpil moun ki kwè timoun ki gen fizik yo anfòm bay pi bon rannman lekòl. Kò tout timoun pa menm, poutèt sa gen kèk timoun ki jwenn plis avantaj pase lòt. Sa ki klè tout bon, pa gen diskisyon sou sa, egzèsis fè mis solid, bay plis andirans, epi fè zo yo pi gwo epi yo gen pi plis eleman mineral.

Doktè Djenn Grinbèg (Jane Greenberg) k ap travay nan biwo "Office of Physical Education and Literacy" pou lekòl leta, di kon sa, Miyamided Konnti gen lontan depi li respekte regleman nouvo lwa Eta Florid la mete pou bon kondisyon fizik elèv yo.

Manmzèl di, "Kounye a nou gen yon bon kou tan n ap fè pwogram egzèsis fizik nan lekòl yo epi nou kòmanse wè bon jan rezilta. Nou konnen sa n ap fè nan lekòl leta yo ap mache."

Li di kon sa, pi fò elèv lekòl primè yo nan klas Edikasyon fizik, sa fè pati orè regilyè yo. Epi li di, elèv ki twò gwo ki nan pwogram espesyal nan nouvo sant egzèsis fizik yo ap pèdi yon valè 8 liv kon sa pa semès.

Pou konplete sa lekòl ap fè nan koze bon kondisyon fizik la, Fon pou timoun yo (Children's Trust) finanse plizyè santèn pwogram apre lekòl tout kote nan konnti a. Anpil nan pwogram sa yo asepte timoun ki bezwen swen espesyal. Tout pwogram ki jwenn finans nan men Fon an gen yon pati egzèsis fizik nan orè chak jou yo, men aktivite yo kapab varye.

Paregzanp, timoun ki nan pwogram apre lekòl "Early Risers" ki nan Fondasyon nasyonal Dominiken-Ameriken nan nòdès Miyami an fè egzèsis pandan inèdtan chak apre midi. Se Estè Jan-Lwi (Esther Jean-Louis), kòdonatris pwogram nan ki fè nou konn sa. Yo fè antrènman egzèsis konba (tankou karate) de fwa pa semèn, epi yo soti deyò pou yo jwe baskètbòl, kikbòl, sòfbòl, woulawoup twa fwa pa semèn.

Estè Jan-Lwi di, "Yo pa janm jwenn kont amizman fizik – se renmen yo renmen jwe deyò". Timoun yo se timoun 4 an a 11 an. Yo mete yo nan diferan gwoup selon laj yo lè sa nesèsè. Epi, lè yo sèvi ti goute pou timoun yo manje chak jou, pwofesè yo pale avèk yo sou enpòtans pou yo pran bon desizyon nan afè manje.

An septanm, yo te bay timoun yo egzamen andirans fizik anvan yo antre nan pwogram nan. Yo rele egzamen fizik sa a ann angle "Progressive Aerobic Cardiovascular Endurance Run" (PACER). Timoun yo kouri ale tounen nan yon espas 20 mè. Yo kouri pi rapid pou chak minit ki pase epi yo ba yo yon pwen pou fason yo kouri a. Nan mitan ane a ak nan fen ane a, yo ba yo egzamen andirans fizik la ankò pou kontwole ki pwogrè yo fè sou yon tablo.

Talè kon Fon pou timoun yo pral sèvi ak egzamen sa a nan pwogram k ap chèche fè timoun gen bon kondisyon fizik. Yo twouve egzamen PACER a se yon bon egzamen pou mezire andirans epi yo wè tou se yon mwayen moun kapab asepte pou prewva ki kapasite ayewobik timoun ak ti jenn moun genyen. Yo remake lè plis timoun gen kapasite ayewobik yo dwe genyen, gen mwens timoun ki soufri maladi kè, maladi dyabèt ak maladi twò gwo.

Wil Perèz (Will Perez) se kòdonatè pwogram apre lekòl nan sant Victory Center Nòt Miyamibitch la. Pwogram nan plis travay ak timoun andikape, sitou timoun ki soufri maladi otis. Met ansanm ak Aldrètch Djonsonn (Aldrech Johnson), Wil Perèz kòdone pwogram edikasyon fizik lekòl la. Pwogram apre lekòl la ofri inèdtan aktivite egzèsis fizik chak jou, met sou lòt pati pwogram nan ki travay plis sou lekti, desen ak laboratwa òdinatè.

Wil Perèz prepare yon pwogram egzèsis fizik chak semèn ki travay sou yon diferan bagay chak jou. Le lendi paregzanp, yo montre timoun monte bekàn ki twa wou. Kantite pwofesè ki dwe genyen pou lè y ap travay ak timoun andikape se yon granmoun pou de timoun. Lè pwofesè suiv timoun yo deprè, kat ou senk nan timoun yo aprann monte bekàn nan de twa semèn sèlman.



Kèk semèn ki sot pase la a, gen yon tigason 3 an ki pa mache byen pou laj li ki vin antre nan pwogram nan. Wil Perèz ak Aldrètch Djonsonn travay ak ti egzèsis fizik tigason an kapab fè sèlman, yo fè eskwat ak lòt egzèsis pou bay janm li fòs. Nan distans de twa semèn, tigason an fè gwo pwogrè nan kapasite li genyen pou li mache.

Pwogram apre lekòl la travay nan Sant kominotè Jwif ki nan Nòt Miyamibitch la. Sant lan gen yon bon jan jimnazyòm ki gen teren baskètbòl ak rakètbòl, kousen pou atè ak yon pisin. Kwak timoun piti Wil Perèz genyen yo poko pare pou fè espò sa yo, gen yon gwoup pi gran elèv ki kapab fonksyone pi byen, ki pare.

Kit pitit ou se timoun ki fonksyone nòmal oubyen se timoun ki bezwen swen espesyal, aktivite fizik ki amizan epi ki bon pou li dwe jwe yon wòl enpòtan nan jounen li – chak jou. Pandan save yo ap kontinye brase lide sou ki kantite egzèsis ki kont, fò w konnen se yon gwo gwo bagay ou fè pou pitit ou lè w ankouraje l fè mouvman ak kò li. Si w jwe ak pitit ou nan nenpòt fòm aktivite fizik, sa pi bon toujou.

Si w bezwen plis ranseyman sou egzèsis fizik pou pitit ou, ale sou sit entènèt:

Gov. Charlie Crist's Fitness Challenge
<http://www.governorsfitnesschallenge.com/>

Florida Alliance for Health, Physical Education, Recreation, Dance and Sport <http://www.fahperd.org/>

Health Corps <http://www.healthcorps.net/>

Kids Health <http://kidshealth.org/>

Kids in Action <http://www.fitness.gov/funfit/kidsinaction.html>

Telephone 305-571-5700 pou ou pran plis enfòmasyon:
www.thechildrenstrust.org

Ankouraje tibebe, timoun ennan a twazan ak timoun preskolè pou yo ka vin fò nan travay atis

Letty Bassart ki travay pou òganizasyon Arts for Learning (www.a4lmiami.org)

Lè w ap travay ak yon timoun ennan a twazan epi ak timoun preskolè, pa janm souzestime kapasite yon timoun. Timoun ki fè bon jan aktivite atistik lakay yo oswa lekòl sa bay yo zouti yo bezwen pou yo aprann epi pou yo vin pi entelijan toujou.

Men yon remak òganizasyon Arts Education Partnership fè, "Pou tout timoun, nan tout nivo, travay atis jwe yon wòl enpòtan nan devlopman kapasite pou yo aprann, devlopman mouvman yo, devlopman langaj yo, ak devlopman sosyal ak devlopman santiman yo."



Lè w ap fè pitit ou fè ti travay atis, toujou sonje chwazi aktivite ki bon pou laj li. Bon èd pou paran, pwofesè ak lòt granmoun k ap okipe timoun piti k ap aprann, se sit wèb ki rele "Arts Education Partnership's Young Children and the Arts: Making Creative Connections (<http://www.aep-arts.org/files/publications/Young%20Children.pdf>)".

Men kèk aktivite atis timoun ak granmoun kapab fè ansanm:

Tibebe ki fenk fèt rive sou 3 mwa

- Fè tibebe koute mizik swa, zwazo k ap chante, dlo k ap bouyi ak son ki swa.
- Pandye jwèt k ap vire epi ki bay mizik a yon distans yon pye devan je tibebe. Chante pou yo, pale ak yo, li liv pou yo.
- Lè w kenbe tibebe, fè mouvman ki swa tankou dodinen ak balanse.

2 mwa ak 8 mwa

Kontinye aktivite pi wo yo epi

- Kòmanse mete ti tchatcha oswa ti jwèt ki bon pou laj tibebe, ki mou epi ki gen son nan men yo.
- Ankouraje tibebe manyen, bagay tankou, lenn ak jwèt.
- Sèvi ak son nan bouch ou pou montre sa w santi, tankou kè kontan, sezisman.
- Ankouraje tibebe ri ak souri nan fè ti pwezi, chante epi nan fè jès ki mache ak ti chante "patty-cake" la.
- Sèvi ak lè timoun nan pral dòmi pou w li ti istwa tibebe epi pou w chante chan tibebe.

8 mwa a 18 mwa

Kontinye aktivite pi wo yo epi

- Ale nan diferan pak kote timoun jwe pou nou gade lanati, moun ak imaj. Pale de sa timoun nan wè yo.
- Pase mizik epi fè mouvman ak pye timoun nan, janm ni ak men l selon rit mizik la.
- Egzaminen fòm ak koulè bagay ou wè toulejou tankou rad ak bwat sereyal. Pale de bagay ou wè kote ou rete a epi fè chante ak bagay ou wè, ak bagay ou tandè.
- Pandye foto nan nivo timoun kapab wè yo. Nonmen bagay ki nan foto yo, lonje dwèt sou yo epi dekre yo.
- Lè w ap li liv, fè vwa ak jès pèsonaj ki nan istwa yo.
- Bay timoun chans pou yo sèvi ak materyèl pou travay atis moun kapab gade, materyèl ki san danje epi ki bon pou laj yo, tankou fè desen ak dwèt ak penti alo epi desinen ak kreyon desen.

18 mwa a 24 mwa

Kontinye aktivite pi wo yo epi

- Kite timoun sèvi ak materyèl ki bon pou laj yo tankou asyèt katon, penti ki pa pwazon, epi patamodle.

- Pandan n ap koute mizik, danse epi mouvman kò nou pandan nou kenbe men.
- Pandan w ap abiye timoun, fè kòm si chosèt yo se maryonèt oswa bèt.
- Refè aktivite toulejou timoun yo pi renmen.
- Fè bibliyotèk liv epi ale nan bibliyotèk zòn nan chak semèn.
- Sèvi ak foto pou rakonte istwa epi montre sa w ap rakonte a.
- Mete enstriman mizik senp oswa tanbou soulamen pou nou jwe.
- Ale nan mize pou timoun epi nan espozisyon ak teyat ki fèt pou timoun.

Twenty-four to 36 months

Kontinye aktivite pi wo yo epi

- Kontinye fè plis espèyans nan mizik, teyat, dans ak travay atis epi fè aktivite atis tounen yon aktivite toulejou.
- Chante, rakonte istwa epi danse pandan aktivite w toulejou: nan lè manje midi, lè dòmi epi di babay. Egzaminen rad ak manje pou n chèche wè fòm, koulè ak jan nou santi bagay nan men nou ak nan bouch nou.
- Rakonte istwa gran paran, matant, tonton ak lòt moun epi fè jès ki mache ak istwa yo.
- Ede timoun sèvi ak penti ak penso epi ede yo fè diferan fòm bagay ak ajil.
- Fè degizman senp pou aktivite teyat.
- Mennen timoun nan mize pou timoun, nan bibliyotèk ak nan pèfòmans (konsè) an dirèk pou w kapab montre yo diferan aspè nan kominote yo a.

Pandan timoun ap grandi pou yo vin gen laj preskolè, lis aktivite atis yo anpil, se imajinasyon w sèlman ki kapab limite yo. Atis pwofesè Adela Jezova ki travay pou Arts for Learning sèvi ak gid ki rele "VSA Arts' Start with Arts Resource Guide" kòm yon amòs pou fè aktivite eskilti (estati) nan yon klas timoun 3 an.

Pou w kapab fè aktivite sa a lakay ou, w ap bezwen: Yon gwo kiyè bwa, ajil ki ka vin di pou kont li, penti tanpera, penso, asyèt katon, yon baz an bwa, ak lòt materyèl dekorasyon (payèt klere, fo dyaman divès koulè, fil bwodri, plim zwazo, papyè twalèt, fèy plastik selofàn, ak riban boukle).

- 1) Mete kiyè bwa a an pozisyon sou baz la
- 2) Kòmanse bay ajil la fòm alantou kiyè a pou w kab kreye yon imaj. Pra san w, plis detay li genyen se plis l ap bon. Kote w kab jwenn enspirasyon pou imaj la se liv tankou "Me and My Amazing Body" Joan Sweeney ak Annette Cable ekri, pòtre fanmi epi travay lòt atis ki gen anpil renome.
- 3) Kou eskilti a fin sèch, melanje koulè epi pentire eskilti a.
- 4) Kou penti a fin sèch, sèvi ak lakòl pou mete lòt detay.
- 5) Chwazi yon kote espesyal pou espoze travay atis la oubyen chwazi yon moun espesyal pou nou ba l eskilti a.
- 6) Fè yon rive nan mize a pou n al gade eskilti, sa se yon bon mwayen pou ede nou konplete aktivite yo.

Pandan w kòmanse fè travay atis ak pitit ou, ba yo chans pou yo prepare plan, pou yo reflechi sou sa yo pral chwazi epi pou yo selebre pwojè yo realize a.

Patisipe Nan ti Journal sa a...

Voye: foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sitiasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation 3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation (646-7229) Ak **United Way Center for Excellence in Early Education** (305-631-7600) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvizè pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami-Dade County (305-646-7220) and The Children's Trust (305-571-5700).

Edite ti journal sa a se:

Ana de Aguiar Echevarria
(305-646-7230)



Mixed Sources
Product group from well-managed forests, controlled sources and recycled wood or fiber
www.fsc.org Cert no. BV-COC-080207
© 1996 Forest Stewardship Council



ba yo plis konesans



renmen yo plis

3250 SW Third Ave.
Miami, FL 33129

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665